

**NeMutungamiri
Dieter F. Uchtdorf**
Mutevedzeri weChipiri
muHutungamiri Hwekutanga



Rairo kuMushumiri Anozengurira Kugovera Vhangeri

Vadzidzi vaJesu Kristu vakagara vaine basa rokuendesa vhangeri Rake kunyika (ona Marko 16:15–16). Zvisinei, dzimwe nguva zvakaoma kuvhura miromo yedu nokutaura pamusoro pechitendero chedu kuna avo vakatikomberedza. Apo dzimwe nhengo dzeChechi dziine chipo chokuzvarwa nacho chokutaura kuna vamwe pamusoro pechitendero, vamwe vanozengurira zvisihoma kana kuti vanonzwa kusagadzikana, kunyara, kana kunyangwe kutya kuita saizvozvo.

Nokuda kwechikonzero ichi, ndinoda kupa zano rezvinhu zvina zvinokwanisa kuitwa nani zvake kuti atevere rairo yeMuponesi kuparidza vhangeri “kuchisikwa chose” (D&Z 58:64).

Iva Chiedza

Chirevo changu chandinoda chaizvo icho kazhinji chinonzi chakataurwa naSt. Francis wekuAssisi chinoti “Paridza vhangeri nguva dzose uye kana zvichifanira, shandisa manzwi.”¹ Chirevo ichi hachizvidudziri pachena, asi chazvinoreva chaizvo ndechekuti kazhinji mharidzo dzakasimbisisa ndeidzo dzisingataurwi.

Kana tiine hunhu hwakarurama uye tichirarama

nguva dzose nemwero wehunhu hwedu, vanhu vano zviona. Kana tichiratidza rufaro rukuru, vano zviona zvakanyanya.

Munhu wese anoda kuva anofara. Kana isu nhengo dzeChechi tichiratidza chiedza chevhangeri, vanhu vanokwanisa kuona rufaro rwedu uye vanonzwa rudo rwaMwari ruchizadza nokufashama muupenyu hwedu. Vanoda kuziva kuti sei. Vanoda kuziva kuti tinozvikanisa sei.

Izvi zvinovatungamirira kubvunza mibvunzo yakaita sokuti “Sei uchifara kudaro?” kana “Sei uchigara uine mafungiro akanaka nguva dzose?” Mhinduro kumibvunzo iyi, zvechokwadi, inonyatsotungamirira kuhurukuro pamusoro pevhangeri rakadzorerwa raJesu Kristu.

Iva neChido Chokukurukura

Kutanga hurukuro pamusoro penyaya dzechitendero—kunyanya kushamwari dzedu nekunaavo vatinoda—kunokwanisa kutaridzika sechinhu chinotyisa uye chinonetsa. Hazvifaniri kunge zvakadaro. Kutaura zviitiko zvemweya kana kutaura pamusoro pezviitwa kana zviitiko zveChechi muhurukuro dzamazuva ose kunokwanisa kuva nyore uye kunonakidza

kana tikashandisa ushingi hushomanana nepfungwa dzinomusoro.

Mukadzi wangu, Harriet, muenzaniso wakanaka zviku weizvi. Apo pataigara muGermany, aiwana nzira dzokuunza misoro yenyaya inoenderana nezveChechi muhurukuro dzake neshamwari nevazivikanwi. Somuenzaniso, apo munhu paaibvunza pamusoro pekuti hwikendi yake yanga yakadii, aiti, “Svondo ino takava nechitiko chinoshamisa muchechi yedu! Mukomana wechidiki anemakore gumi nematanhatu akapa nhaurwa yakanaka zviku pamberi pevanhu mazana maviri vegungano redu pamusoro pekurarama upenyu hwakachena.” Kana, “Ndakanzwa nezve mudzimai anemakore makumi mapfumbamwe akaruka magumbeze anopfura mazana mashanu akaapa kuchirongwa cherubatsiro cheChechi yedu kuti aendeswe kuvanhu vanoshaya pasi penyika pose.”

Kazhinji kacho, vanhu vainzwa izvi vaidza kuziva zvimwe zvakawanda. Vaibvunza mibvunzo. Uye izvo zvaitungamirira kumikana yokutaura pamusoro pevhangeri nenzira iri nyore, inechimbo, isingagumburi vamwe.

Kubvira kuuya kweIndaneti nemamwe marudzi okutaurirana vanhu varikure nakure, zvavanyore chaizvo nhasi kutaura pamusoro pezvinhu izvi muhurukuro kupinda nguva dzakare. Chatinoda kungova neushingi hwekuzviita.

Iva Wakazara neNyasha

Zvinonetsa ndezvokuti, zviri nyore chaizvo kugumbura. Zvinoitika kazhinji chaizvo kuti tinoita nharo, tinodupukisa nokushora. Apo patinoshatirwa, nokugumbura kana kurwadzisa vamwe vanhu, chokupedzisira chavanozoda kudzidza zvimwe pamusoro pedu. Hazvikwanisiki kuzivikanwa kuti vanhu vangani vakasiya kana vasina kuzombopinda Chechi nokuda kwekuti mumwe munhu akataura chimwe chinhu chakavarwadza kana kuvagumbura.

Munyika nhasi munekugumburisana kwakawanda zviku. Nokuda kwekuti vanhu vanogona kunyora paIndaneti vamwe vasingazozivi kuti ndiyani azvinyora, zviri nyore zviku kupinda kare kutaura zvinhu zvinorwadza kana zvinogumbura paIndaneti ipapo. Hatifaniri here, isu, vadzidzi vazere netariro vaKristu wedu akapfava, kuva nemwero wepamusoro, unerudo rukuru? Magwaro matsvene anodzidzisa kuti, “Kutaura

kwenyu ngakuve nyenyasha nguva dzose, kwakarungwa nomunyu, kuti muzive kupindura mumwe nomumwe sezvamunofanira kuita” (Vakorose 4:6).

Ndinoda pfungwa yekuti manzwi edu ave anofadza, echokwadi uye azere netsitsi. Mungafungidzira here zvingazova mhuri dzedu, mawadhi edu, nyika dzedu, uye kunyangwe pasi pose kana tikatora musimbotti wakareruka uyu?

Iva Wakazadza neRutendo

Dzimwe nguva tinozvitorera rukudzo rwakawanda kana kuzvipa mhosva huru pamusoro pekutambira kwevamwe vhangeri. Zvakakosha kuyeuka kuti Ishe havatitarisire kuti isu titendeutse munhu.

Retendeuko runouya kwete nemumashoko edu asi nemukuparidza kwekudenga kweMweya Mutsvene. Dzimwe nguva zvose zvazvinotora indevo imwechete yeuchapupu hwedu kana yezvechitiko kukonzera kunyevuka kwemwoyo kana kuvhurika kwemukova unozokwanisa kutungamirira vamwe kuti vawane zvo-kwadi zviku kuburikidza nekuzidzira yeMweya.

Mutungamiri Brigham Young (1801–77) vakati vakaziva kuti vhangeri nderechokwadi pavaka “ona murume akanga asina unyanzvi, kana zvipo zvekutaura kuvanhu vazhinji, uyo aikwanisa chete kuti, ‘Ndinoziva, nesimba reMweya Mutsvene, kuti Bhuku raMormoni ndere chokwadi, kuti Joseph Smith Muporofita waIshe. Mutungamiri Young vakati apo pavakanzwa uchapupu hwakaninipa uhwu, “Mweya Mutsvene waibva kumurume uyu wa[kal]jekesa nzwisiso yangu, uye chiedza, kubwinya, nekusafa [zvaka] pamberi pangu.’”²

Mabhurutha nemasisita, ivai nerutendo. Ishe vanokwanisa kukuzidzira manzwi amunotaura nokuaita kuti ave anesimba guru. Mwari havakukumbirei kuti mutendeutse asi chete kuvhura miromo yenyu. Basa rokutendeutsa harisi renyu—iro ndere munhu arikunzwa uye ndere Mweya Mutsvene.

Nhengo Yese Mushumiri

Shamwari dzangu dzinodikanwa, nhasi kune nzira dzakawanda kupinda kare dzokuti tivhure miromo yedu nokugoverana nevamwe nyaya dzinofadza dzevhangeri raJesu Kristu. Kune nzira yomunhu wese—kunyangwe mushumiri anozengurira kugovera vhangeri—yokutora chinhanho mubasa guru iri.

Tinokwanisa mumwe nemumwe wedu kuwana nzira yokushandisa zvipo nezvido zvedu pachedu mukutsigira basa guru rokuzadza nyika nechiedza nechokwadi. Apo patinodaro, tinozowana rufaro runouya kunaavo vakatendeka uye vakashinga zvakakwana “kumira seva-pupuri vaMwari panguva dzose” (Mosiah 18:9).

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. St. Francis wekuAssisi, muna William Fay naLinda Evans Shepherd, *Share Jesus without Fear* (1999), 22.
2. *Teachings of Presidents of the Church: Brigham Young* (1997), 67.

KUDZIDZISA KUBVA MUSHOKO RINO

Imwe nzira inoshanda yokudzidzisa nayo ndeyeku “kurudzira avo vamunodzidzisa kuti vamise . . . zvinangwa zvinokwanisa kuvabatsira kurarama musimbati wamadzidzisa” (*Teaching, No Greater Call* [1999], 159). Funga kukoka avo vamunodzidzisa kuti nemunamato vamise chinangwa chokugoverana vhangeri nemunhu mumwechete kana kupfuura mwedzi uno. Vabereki vanokwanisa kukurukura nzira idzo vana vadiki dzavanokwanisa kubatsira nadzo. Unokwanisawo kubatsira nhengo dzemhuri kufunga mazano kana kudzidzira nemutambo nzira dzokuunza vhangeri muhurukuro dzemazuva ose uye kufunga nezve zviitwa zvirikuuya zveChechi uko kwavanokwanisa kukoka shamwari.

VECHIDIKI

Kugoverana neShamwari

NaAdriana Vásquez

Rimwe zuva pandaidzidzira chidzidzo chekirasi yese-minari yangu, ndakava nekunzwa kwakanaka uye kwaiva pachena. Apo pandaiverenga chidzidzo chezuva raitevera, ndakaona chiso cheshamwari yangu yokuchikoro uye ndakava nekunzwa kwakasimba kuti ndaifanira kugovera uchapupu hwangu kwaari.

Zvisinei nekuva pachena kwekunzwa uku, ndaitya. Ndaitya kuti shamwari yangu yaigona kundiramba,

kunyanya nokuti akanga asingataridziki kuva rudzi rwe-musikana anozova nechido chokupinda Chechi.

Ndakafunga shure kunhaurwa naSisita Mary N. Cook vehutungamiri hukuru hweVasikana Vechidiki umo makataturudzira kuti tishande nesimba uye tive neushingi.¹ Ndaida kuva seizvi, saka ndakanyorera musikana uyu tsamba ndichipupura nezve huchokwadi hweChechi uye nezve rudo rwangu rweBhuku raMormoni. Zuva rakatevera ndakaisa Bhuku raMormoni, pamwechete netsamba yangu, mubhegi rake.

Mukushamiswa kwangu, shamwari yangu yakatambira vhangeri zvakana chaizvo. Kutanga pazuva iroro, aindiudza pamusoro pezvainge adzidza mukudzidza kwake kweBhuku raMormoni. Mushure memavhiki mashomanana, ndakamusuma kuvashumiri. Nenguva diki diki, akatambira chisimbiso kubva kuMweya Mutsvene kuti zvaakanga achidzidza zvaiva zvechokwadi. Vashumiri neni takachema apo paakatiudza nezve manzwiro ake. Shamwari yangu yakabhabhatidzwa mushure menguva diki, uye vabereki vake vakashamiswa kuona shanduko yakanga yaitika maari.

Ndinofara zvikuru kuti ndakakwanisa kukunda kutya kwangu uye ndikaunza vhangeri muupenyu hwake.

KWAKATORWA CHINYORWA

1. Ona Mary N. Cook, “Never, Never, Never Give Up!” *Liahona*, Kubvumbi 2010, 117–19.

VANA

Ndinokwanisa Kuva Chiedza kuna Vamwe

Mutungamiri Uchtdorf vanoti kuti tive chiedza kuna vamwe, mashoko edu anofanira ku “jeka sedenga rine chiedza chezuva uye azere nenyasha.” Mashoko edu anofanira kuva anofadza, echokwadi, uye anetsitsi. Chii chaungaita kana kutaura kuti uve chiedza kuna vamwe? Ungangonyora mujonari rako zvinhu zvakana zvisihanu zvaunoronga kutaura kunhengo dzemhuri kana shamwari.



Rutendo, Mhuri, Rubatsiro

Kutendeukira kuna Ishe

Nomunamato dzidza chinyorwa chino uye, pazvinoita, chikurukure nemasisita amunoshanyira. Shandisa mibvunzo yacho kuti ikubatsirei kusimbisa masisisita enyu uye kuita kuti Chita cheRubatsiro chive chikamu chinoshanda chepenyu hwenyu pachenyu. Kuwana rumwe ruzivo, enda kuwww.reliefsociety.lds.org.

Masisita matsva eChechi—kusannganisira Vasikana Vechidiki vari kupinda kuChita cheRubatsiro, masisisita vari kudzoka mukusimba muchechi, uye vatendeuki vatsva—vanoda rutsigiro neushamwari hwevadzidzisi vekushanyirana. “Kutora chinhanho kwenhengo kwakakosha zvikuru mukuchengetedza vatendeuki uye mukudzosa nhengo dzisisina kusimba kuti dzive dzakasimba zvazazara.” Vakadaro Elder M. Russell Ballard veChikwata cheVaapositora vane Gumi neVaviri. “Torai pfungwa yokuti Chita cheRubatsiro . . . chinokwanisa kuva [chimwe] chezvinhu zvakasimbisira zvekuvaka ushamwari zvatinaazvo muChechi. Nanavirai nokukurumidza kuna avo vari kudzidziswa uye varikubatsirwa kuti vasimbe zvakare, uye vadei muChechi kuburikidza nechita chenyu.”¹

Senhengo dzeChita cheRubatsiro, tinokwanisa kubatsira nhengo itsva kudzidza maitirwo ezvinhu muChechi, sezvakaita:

- Kupa nhaurwa.
- Kupa uchapupu.
- Kurarama murau wekutsanya.
- Kubhadhara chegumi nezvimwe zvipu.
- Kutora chinhanho mubasa renhorondo yemhuri.
- Kuita rubhabhatidzo nerusimbiso rwemadziteteguru avo akafa.

“Zvinotora shamwari dzinehanya kuita kuti nhengo itsva dzinzwe kugadzikana nokutambirwa kuchechi,” vakadaro Elder Ballard.² Tose, asi kunyanya vadzidzisi vekushanyirana, tine mabasa akakosha ekuvaka ushamwari nenhengo itsva senzira yokuvabatsira kuti vave “vakatendeukira kuna Ishe” zvakasimba (Aruma 23:6).

Kubva muMagwaro Matsvene

2 Nifai 31:19–20; Moronai 6:4

Kubva muNhorondo Yedu

“Nekukura nguva dzose kwehuvandu hwevatendeuki,” vakadaro Mutungamiri Gordon B. Hinckley (1910–2008), “tinofanira kuedza zvakasimba uye zvakawedzerwa kuvabatsira apo vanowana gwara ravo. Mumwe nemumwe wavo anoda zvinhu zvitatu: shamwari, basa, uye kusimudzirwa ne’shoko rakanaka raMwari’ (Moroni 6:4).”³

Vadzidzisi vekushanyirana vari munzvimbo yokubatsira avo vanotaririra. Hushamwari kazhinji hunouya kutanga, sezvazvakaita kuna sisita wechidiki weChita cheRubatsiro uyo akanga ari mudzidzisi wekushanyirana wasisita akanga ari mukuru chaizvo kwaari pakuzvarwa. Vakanga varikutora nguva yakareba mukuvaka ushamwari kuvikira vashanda pamwechete pane

rimwe basa rokutsvaira. Vakava shamwari, uye apo vaitaura pamusoro peShoko reDzidziso Yokushanyirana, vose vakasimudzirwa ne “shoko rakanaka raMwari.”

Mutungamiri Joseph Fielding Smith (1876–1972) vakati Chita cheRubatsiro “chikamu chakakosha zvikuru cheumambo hwaMwari pasi uye . . . Chinobatsira nhengo dzacho dzakatendeka kuwana upepenyu hwokusingaperi muumambo hwaBaba vedu.”⁴

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. M. Russell Ballard, “Members Are the Key,” *Liahona*, Gunyana 2000, 18.
2. M. Russell Ballard, *Liahona*, Gunyana 2000, 17.
3. Gordon B. Hinckley, “Every Convert Is Precious,” *Liahona*, Kukadzi 1999, 9.
4. Joseph Fielding Smith, mu *Daughters in My Kingdom: The History and Work of Relief Society* (2011), 97.

Chii Chandingaita?

1. Ndinonamatira here mufambidzani wangu nokukumbira kuti Mweya utitungamirire apo tinodzidzisa masisisita edu?
2. Inzira dzipi dzatingashandira nadzo sisita woga woga wati-notaririra kuitira kuti azive kuti zvechokwadi tinehanya naye?

©2013 neIntellectual Reserve, Inc. Ndiyo chete inekodzero dziripamutemo dzekushandiswa kwechinyorwa chino. Chakadhindwa muUSA. Mvumo yeMuchirungu: 6/12. Mvumo yedudziro: 6/12. Dudziro ye *Visiting Teaching Message*, February 2013. Shona. 10662 731